# «Универсиада» жарысларында тарийхый нәтийжелерди қолға киргизген студентлер ҳәм олардың тренер-оқытыўшылары мүнәсип сыйлықланды

Бүгин, 19-март күни Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтында «Универсиада» спорт жарысларының финал басқышларында жоқары нәтийжелерге ерисип, республикамыздың тарийхый нәтийжесине үлкен үлес қосқан студентлер ҳәм олардың тренер-оқытыўшыларын сыйлықлаў салтанаты болып өтти.

Image not found or type unknown

Илажға Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Жуманов, институт ректоры Б.Отемуратов ҳәм профессор-оқытыўшылар, спортшы студентлер және олардың ата-аналары, кең жәмийетшилик ўәкиллери қатнасты.

Сыйлықлаў салтанатында Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары М.Жуманов сөзге шығып, киши олимпиада есапланған «Универсиада» спорт жарысларының финал басқышларында Қарақалпақстан Республикасының улыўма командалық есапта сыйлы 2-орынды ийелеўинде институтта оқып атырған студентлердиң үлеслери айрықша екенлигине тоқталды.

Image not found or type unknown

Атап айтқанда, өткерилген жарысларда Қарақалпақстан Республикасы сайланды командасы қурамында қатнасқан спортшылар улыўма 62 медальды қолға киргизген болса, соннан 32 медаль институт студентлери тәрепинен жеңип алынды. Республикамыз есабында улыўма 17 алтын медаль болып, соның 12 син

усы оқыў орны студент жаслары қолға киргизгени бул дәргайда спортқа болған итибар жәнe ғамқорлықтың жоқары екенлигиниң белгиси сыпатында атап өтиў орынлы.

Image not found or type unknown

Илажда усындай тарийхый нәтийжеге мүнәсип үлес қосқан барлық студентлерге, сондай-ақ, олардың тренер-оқытыўшыларына институт ректораты тәрепинен таярланған алғыснама ҳәм қымбат баҳалы саўғалар тапсырылды.

Сондай-ақ, институт ректоры Б.Отемуратов ҳәм дене мәденияты факультети деканы А.Утербергеновқа Өзбекстан Республикасы Жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң алғыснамалары салтанатлы түрде тапсырылды.

Image not found or type unknown

Мағлыўмат орнында атап өтиў керек, Қарақалпақстан Республикасы сайланды командасы қурамында Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтынан улыўма 44 студент «Универсиада» спорт жарысларының финал басқышларында қатнасып, 12 алтын, 8 гүмис, 12 бронза – улыўма 32 медальды қолға киргизди.

НМПИ баспасөз хизмети.